# Жаңа Өзбекстан – жаңаша көзқарас

Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги мәжлислер залында «Жаңа Өзбекстан – жаңаша көзқарас» идеясы тийкарында болып өтетуғын әҳмийетли үгит-нәсият жумысларын шөлкемлескенлик пенен өткериўде министрлик алдына қойылған ўазыйпаларға бағышланған жыйналыс болып өтти.

Image not found or type unknown

Онда Өзбекстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министриниң орынбасары А.Икрамов, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығы орынбасары, Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министри С.Турманов, район (қала)лық Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап қуўатлаў бөлимлериниң баслықлары қатнасты.

Илажда мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформалардан келип шығып, усы жылдың ноябрь айында жаңаша ат ҳәм идея тийкарында болып өтетуғын аҳмийетли үгит-нәсият илажлары «Жаңа Өзбекстан – жаңаша көзқарас» сүрени менен шөлкемлестирилетуғыны айтып өтилди. Бунда үгит-нәсият топары ағзалары қала ҳәм районлардағы мәҳәллелерде болып, халықты елимизде алып барылып атырған кең көлемли ис-илажлардан хабардар етиў, оның әҳмийетин кең жәмийетшиликке жеткериў ҳәм пуқаралардың кеўил-кейпиятын көтериў тийкарғы мақсет екенлиги тилге алынды.

Image not found or type unknown

Үгит-нәсият илажларына биринши нәўбетте халықтын социаллық қорғаўға мүтәж қатламын, жәмлеспеген жасларды, жәрдемге мүтәж шаңарақларды, киексе әўлад ўәкиллерин қамтып алыўға итибар қаратыў шәрт екенлиги айтып өтилди.

Бунда Министрликтиң қала ҳәм район бөлимлери тәрепинен пуқаралар жыйынлары баслықлары менен биргеликте илажда қатнасыўшылар дизими қәлиплестириледи ҳәм онда белгили алымлар, қосықшылар ҳәм спортшылардың қатнасыўы тәмийинленеди.

Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлигиниң Мәлимлеме хызмети